

1e me 2020

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston,

Mwen swete ou menm ak moun ou renmen yo an sekirite ak sante.

Depi lè Gouvènè Baker te anonse tout lekòl Massachusetts yo ap rete fèm pandan ane skolè sa a, Komisè Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la Jeffrey Riley te tou resanman distribye direktiv bay lekòl yo, epi li souliye aprantisaj pral kontinye pou elèv yo, pandan nou kenbe lasante ak sekirite kòm premye priyorite nou. Nou konprann nou tout ap viv yon moman difisil pandan nou balanse travay, lavi lakay, pran swen moun nou renmen yo, ak edikasyon pitit nou yo pandan n ap travay pou nou rete an sekirite pandan kriz sante sa a.

Nou konnen elèv yo sonje kamarad klas yo, pwofesè yo, ak plizye pwogram enpòtan. Nou sonje yo tou. Byenke nou pa ka rekreye eksperyans san klas konplè a pandan fèmeti lekòl sa a, nou ka founi opòtinite pou aprantisaj ak koneksyon ki anrichisan pou elèv nou yo.

Nou prepare pou nou satisfè bezwen inik elèv nou yo pou yo ka kontinye aprantisaj yo epi pou nou founi soutyen pou fanmi nou yo. Ekip nou yo t ap travay di pou devlope plan epi n ap kolabore ak lidè nan lekòl yo pou asire elèv yo gen aksè a opòtinite pou aprantisaj pandan rès ane skolè sa a.

Swivi a ap pran efè lendi 4 me jiskaske fen ane skolè a nan mwa jen an.

Orè: Tout lekòl yo pral pataje yon orè pou kou yo ak fanmi yo ak elèv yo.

Prezans: Pwofesè yo pral anrejistre prezans pou chak jou chak semèn. Prezans enkli fè aktivite aprantisaj oubyen entèaksyon ansanm ak pwofesè/staf yo. Pwofesè nan K0-5 ane pral anrejistre prezans chak jou. Pwofesè pou 6-12 ane pral anrejistre prezans pou chak kou.

Nòt yo: Elèv yo pral resevwa nòt yo ak fidbak sou pwojè ak tach ki asiye yo. Elèv elemantè yo (K0-5 ane) pral resevwa nòt pou trimès 3 de Satisfè Atant yo, Apwoche Atant yo, Poko Satisfè Atant yo. Elèv segondè yo (6-12 ane) pral resevwa yon nòt de yon lèt pou Trimès 3 si li pi wo pase nòt mwayen yo pou Trimès 1 ak 2. Sinon, elèv segondè yo pral fè yon nòt de Reyisi oubyen Enkonplè epi y ap konsidere nòt sa nan nòt final yo a.

Avanse nan pwochen ane a: Nou p ap kenbe okèn elèv nan ane aktyèl yo a. Tout elèv yo pral avanse nan pwochen ane yo epi yo pral gen opòtinite pou aprantisaj estival ak lòt soutyen pandan otòn nan. Si paran yo kwe pitit yo ta benefisye de repete ane aktyèl yo a, yo ka mande yon reyinyon ak pwofesè a.

Aksè a pwofesè yo: Chak orè lekòl pral enkli lè kou yo, epi yon manm staf lekòl la pral kontakte chak elèv omwens chak twa jou.

Elèv ki gen andikap yo: Elèv yo pral resevwa sèvis ki ka founi nan fason rezonab nan yon anviwònman aprantisaj de lwen pa ekip edikatè ki asiyen a yo an relasyon ak objektif ki idantifye nan IEP elèv la.

Moun k ap aprann anglè yo: Elèv yo pral resevwa ansèyman ESL selon Nivo Devlopman Anglè pa yo.

Gradyasyon: Gradyasyon se yon selebrasyon elèv yo, fanmi yo, ak kominote skolè yo. N ap travay sou plizye opòtinite pou nou selebre gradyasyon yo pou ane sa nan tout vil la e ak chak lekòl. N ap gade pi devan pou nou pataje plis enfòmasyon sou sa byento.

Nou pral kontinye ap evalye epi chanje fason nou satisfè bezwen elèv nou yo pandan fèmeti lekòl sa a ki san presedan baze sou fidbak. Mwen menm ak ekip mwen te konvoke seyans sou ekite chak semèn pou nou koute edikatè yo, paran yo, founisè sèvis sosyal yo, ak patnè kominotè yo pou nou sanble fidbak aktyèl epi idantifye difikilte konsa nou ka dirije resous pou nou sipòte elèv yo ak fanmi yo ki bezwen yo.

Nou telman rekonesan pou pwofesè nou yo, moun nou yo ki travay nan fè manje, staf teknoloji nou, ak lòt travayè nou yo sou premye liy la k ap travay san rete pou yo fè timoun nou yo jwenn sa yo bezwen pou yo aprann epi rete an sante. Nou sansib anpil pou elèv nou yo ak fanmi yo epi nou konte sou kontinye ap bati koneksyon enpòtan avè nou tout pandan nou fini ane skolè nou pandan pwochen plizye semèn k ap vini yo. Si w ta gen kesyon sou enfòmasyon sa a tanpri kontakte direktè(tris) lekòl.

Tanpri kontinye ap pratike distansasyon sosyal, mete kouvèti sou figi nou depi w oblije kite lakay w, epi lave men w souvan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon pou resous sou manje, teknoloji, aprantisaj lakay, ak lòt bagay toujou nan [bostonpublicschools.org/coronavirus](https://www.bostonpublicschools.org/coronavirus)

Mwen sèten se sèl pi fò ak pi bon n ap vin pi fò ak pi bon chak jou. Nou la pou n sipòte w epi nou pral travèse sa a ansanm kòm yon kominote.

Rete byen ak an sekirite.



Brenda Cassellius
Sipèntandant

